

Nama : _____**Kelas :** _____**Indit Sakola**

Poé Senén Méga hudang isuk-isuk sabab libur sakola geus réngsé. Isuk kénéh Méga téh geus mandi, maké saragam sakola bodas jeung beureum, tuluy sasara bareng jeung kulawarga. Poé éta ibu nyangu gorèng karesep Méga. Saacan jeung sanggeus sasara kaluarga Méga mah sok ngadoa heula ambéh meuang berkah ti gusti Allah.

Saacan indit ka sakola Méga mah sok pamitan heula ka indung bapana. Ménta didoakeun ngarah di sakola bisa diajar kalawan lancar. Méga ka sakolana naék motor dianteur ku bapana. Mun rék naék motor Méga sok maké hélm ngarah teu ditilang ku pulisi keur ngajaga kasalametan diri.

Di satengahing perjalanan Méga ngaliwatan jalan gedé nu kacida raména, ku sabab éta Bapana Méga mah ati-ati pisan jeung patuh kana rambu-rambu lalu lintas ngarah salamet nepi ka tujuan. Tapi waktu nepi ka parapatan jalan Méga ningali aya mobil nu ngebut norobos lampu lalu lintas nu geus beureum, ku sabab ngalanggar rambu lalu lintas éta mobil téh dieureunkeun ku pulisi terus ditilang.

Méga nepi ka sakola tabuh genep langkung lima belas menit. Méga turun tuluy ménta idin kabapana terus nyalam heula ka bapana. Saengan Méga asup ka buruan sakola bapana méré pituah ka Méga kieu, "Mun sakola kudu rajin, nurut ka ibu bapa guru jeung patuh kana papagon sakola ngarah pinter jeung salamet.

Karya: Aya Sinta

Jawab soal – soal di handap ieu luyu jeung bacaan !

1. **Saha anu geus hudang isuk – isuk téh?**
2. **Kudu make naon mun urang naek motor ngarah salamet?**
3. **Naon tujuanna naatan rambu – rambu lalu lintas?**
4. **Jam baraha Mega nepi ka sakolana?**
5. **Bapa mere pituah naon ka Mega saengan sakola?**

Susun kecap – kecap di handap ieu jadi
kalimah anu merenah!

Make – mun – naek – motor – helm – kudu

Ditilang – pangandara – pulisi – mobil – mawa – nu – teu – SIM

Ngatur – pulisi – tugas – patalimarga – di jalan – gede – boga

Beus – abdi – naek – kota – di halte

Ulah – leumpang – di jalan – mun – di jalan – balangah – salamet – ngarah